# Адыгэбзэ урок зэIухам и план

## Темэр: Условнэ- сослагательнэ наклоненэ».

ЕгъэджакIуэр-Хъупэ Д.Х.

Темэр:Условнэ-сослагательнэ наклоненэ.

Мурадхэр:глаголым и наклоненэхэр къэпщытэжын,условнэ-сослагательнэ наклоненэр джын,ар къызэрыхъу суффиксхэр ягурыгъэ!эн; я бзэм зегъэужъыным пыщэн; хабзэ яхэлъу, гъэсауэ къэтэджынымк!э лэжъыгъэ щхьэхуэ ядегъэк!уэк!ын.

Предметхэм я зэпыщ1эныгъэ:адыгэбзэ,литературэ,тхыдэ.

Лэжьыгъэхэр зыхуэунэт1ар:

ящ1эр,къагуры1уэр,яхузэф1эк1ыр зыгъэбелджылы.

Къэгъэсэбэпыпхъэхэр:

доскар,адыгэбзэ учебникыр,электроннэ презентацэ.

Урокым и ек1уэк1ык1уэныр.

1.Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.

1. Глаголым и наклоненэхэр ,ахэр къызэрыхъу суффиксхэр жегъэ1эн.

Щапхъэ къегъэхьын.Унэм щагъэзэщ1а лэжьыгъэм къегъэджэн

2.Текстым егъэлэжьын.
Синтаксис,морфологие,орфографие и лъэныкъуэк1э зэпкърыхын.(Хьэх С. И усэ «Ц1ыхухэр зауэм щыужынт»).
1)ящыгъупщэжынт-морфемэк1э
2)апщ1ондэхук1э-фонетикэ
3)1эжьэгъу-имыхьэнэр ягурыгъэ1уэн.
Бзэм зегъэужьын. Усэм щ1элъ гупсысэ нэхъыщхьэр жегъэ1э1ын,нобэрей зэманым ар пегъэщэн.

II.Темэщ1эм хэшэн.

Доскам ит щапхъэхэмк1э ешэл1эн условнэ-сослагательнэ наклоненэр къызэрыхъу суффиксхэм-тэмэ,-мэ-,т.
Тхылъым ит правилэм къегъэджэн.Еджак1уэхэм упщ1э зратыжк1эрэ
темэр ягъэбыдэжын.Текстым а наклоненэм ит глаголхэр къыхатхык1ын.

III. Гъэбыдэжыныгъэ.
Лэжьыгъэ 198,199.Инд.-тетрадымк1э л.2-5.

IV. Къызэщ1экъуэжын.-Нобэ сыт щ1эуэ къэтщ1ар?
-Сыт къигъэлъагъуэр условнэ-сослагательнэ наклоненэм?
-Сыт хуэдэ суффиксхэмк1э къэхъурэ?
- Сыт хуэдэ псалъэухахэм къыщагъэсэбэпрэ?Щапхъэ къегъэхьын.

## V.Унэ лэжьыгъэр етын.

П.53.Псалъэуха тхурытху условно-сослагательнэ наклоне
нэм ит глагол хэту тхын.

Ма-,о-,э-,е-. П!эрэ,-рэ-,-къэ. –и-.

-Гъэ-. –Мэ-. –Ми-, -тэми-,к!э.

-И-,-т-,ре-. –Щэрэт-.

**Дэтхэнэ наклоненэм дэтхэнэ суффиксхэр ей?**

Хэкум емык!ур
къылъысмэ,
Уэгум и ужьыр уэлбанэщ,
Топхэр щыгъуагъуэк!э

Ц!ыхухэр зауэм щыужынт

Дяпэ илъэс мин дэк!ыхук!э

!эщэ ямыщ!амэ,

Ц!ыхухэм,дауи,!эщэ щ!ык!э

Ящыгъупщэжынт.

Дяпэ илъэс мин дэк!ыхук!э

Зауэ щымы!амэ,

Ц!ыхухэр,дауи,апщ!ондэхук!э

Зауэм щыужынт.

Ей,ц!ыхубзхэ!

Фи хьэтырк!э

Хыф!эдзапхъэщ !эщэр,

Дяпэ ильэс мин дэк!ыхук!э Фэри фыхъу !эжъэгъу!

Дунеишхуэр апщ!ондэхук!э

Тыншу иребауэ.

Гъащ!эм хуиту апщ!ондэхук!э зрыреузэщ!!

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 603332450510203670830559428146817986133868575815

Владелец Хупова Джульета Хатуевна

Действителен С 25.02.2021 по 25.02.2022